



Pati 2: Leson 11

Fè bon tè a travay: Oumenm ak lemonn

Tè ki donnen anpil: Kòmanse yon lavi tounèf ak Jezi



Limyè se yon bagay nou pa ka manke nan lavi. Limyè solèy fè nou ka wè tout bagay lajounen. Menm lannwit, yon ti limyè rive pouse fènwa lwen dekwa pou nou wè klè. Limyè dirije nou pou nou wè kote nou prale, epi li avèti nou konsènan kèk bagay nou pa wè ki te kapab blese nou. **Limyè bon.** Lè Bondye te kreye lemonn, nan premye jou a, li te kreye limyè. “Bondye di: Se pou limyè parèt! Epi limyè parèt. 4 Bondye wè limyè a bon. Bondye separé limyè a ak fènwa a. 5 Bondye rele limyè a jou, epi li rele fènwa a nuit. Yon swa pase, yon maten pase: se te premye jou a” (Jenèz 1:3-5).

Premye rezon ki fè limyè egziste se pou yo ka wè l. Jezi te di: **“Se nou ki limyè lemonn.** Yon vil ki bati sou mòn pa kapab kache. Yo pa limen lamp pou yo mete l anba pànye. Okontré, se sou etajè yo mete l, epi li klere tout moun nan kay la. Konsa tou, se pou limyè nou an klere devan lèzòm, dekwa pou yo ka wè bon zèv n ap fè yo, epi pou yo ka bay Papa nou ki nan syèl la ghwa (Matye 5:14-16). Pèsonn pa janm limen lamp pou l kouvrì l ak yon pànye oubyen pou li mete l anba kabann. Okontré, li mete l sou etajè dekwa pou moun k ap antre ka wè limyè a (Lik 8:16).


Ou se yon limyè. Sa se youn nan pi gwo konpliman Jezi te ba nou. Li rele nou “**limyè lemonn**“. Li rele nou pou nou vin tounen sa li menm li ye a, yon limyè. Jezi te di: “*Pandan li jou, fòk mwen fè travay sila ki voye m nan. Lannuit ap vini. Lè sa a, pèsonn p ap kapab travay. Lè mwen nan lemonn, mwen se limyè lemonn*” (Jan 9:4-5). “*Moun ki wè mwen, se moun ki voye m nan yo wè. Mwen se limyè. Mwen te vini nan lemonn pou moun ki kwè nan mwen pa rete nan fènwa a*” (Jan 12:45-46).

Lè Jezi te rele nou “*limyè lemonn nan*,“ se paske **li vle nou reflete laglwa Bondye** menm jan li menm li te fè sa. “*Paske, Bondye te di: "Se pou limyè klere nan mitan fènwa". E, se Bondye menm ki klere nan kè nou pou ban nou limyè moun jwenn, lè yo konnen glwa Bondye ki sou figi Jezi Kris la (2 Korentyen 4:6).*

Pèsonn pa limen yon lanp epi pou l kache limyè a. Menm jan an tou pa kache limyè w. **Kite limyè w klere pou lemonn kapab wè li.**

Denye leson an te di **ou pa yon kretyen pou tèt ou sèlman, men ou se yon kretyen pou lòt yo tou.** Relasyon ou genyen ak “lemonn” se yon lòt pati ki enpòtan anpil nan relasyon w ak Bondye.

Se pa ti lonè Kris ba nou non, pou L fè nou limyè pou lemonn ! Li te di: “*Menm jan Papa a te voye m nan, se konsa mwen menm, mwen voye nou*” (Jan 20:21). Jezi te priye pou nou tou: “*Mwen pa mande w pou w wete yo nan lemonn. Men, pwoteje yo anba Mechan an... Menm jan ou te voye mwen nan lemonn nan, mwen menm tou, mwen voye yo nan lemon*” (Jan 17:15, 18).



PLAN POU OU GRANDI



Nan leson sa, ou pral aprann:

- 1) Kòman pou ou rakonte temwayaj pèsonèl ou
- 2) Kòman pou ou pataje Bon nouvèl Jezi Kris la



Avan ou ale pi lwen, fè yon ti kanpe epi mande Bondye ede w konprann Pawòl li, ede w aprann viv nan prezans li, epi pou ou vin tounen limyè li vle ou ye a.

YON TEMWAYAJ PÈSONÈL (Trav.26:1-29)



Li temwayaj pèsonèl sa a Apòt Pòl rakonte konsènan lavi l epi fason li te rankontre ak Jezi. Li t ap defann lafwa l devan yon wa ak yon gouvènè. Gade kisa ou ka jwenn nan istwa sa a.

Agripa di Pòl: Ou mèt defann tèt ou!

Alò, Pòl lonje men li, epi li kòmanse defann tèt li konsa: Wa Agripa, mwen konsidere se yon benediksyon pou mwen, dèske se devan ou, jodi a, mwen pral defann tèt mwen, pou tout bagay Jwif yo akize m yo. Sitou ou se yon save nan tout bagay ki konsène Jwif yo, kit se koutim yo, kit se diskisyon yo. Donk, m ap sipliye w pou w koute mwen avèk pasyans.

Vrèmanvre, tout Jwif yo konnen kijan mwen viv pam i pèp mwen an nan Jerizalèm, depi o kòmansman, lè mwen te jèn gason. Si yo ta vle temwaye, yo konnen mwen lontan ase, pou yo ta temwaye: Mwen te viv tankou Farizyen, gwoup ki pi difisil nan reliyon nou an. Kounye a, se poutèt esperans Bondye te pwomèt zansèt nou yo mwen kanpe nan jjiman. Se esperans sa a douz tribi nou yo espere jwenn, lè y ap sèvi Bondye san rete, lajounen kon lannuit. Wa Agripa, se poutèt esperans sa a, Jwif yo akize mwen. Poukisa nou konsidere li enposib pou Bondye resiste mò?

Vrèmanvre, menm mwen menm, mwen te panse mwen dwe fè anpil opozisyon kont non Jezi, moun Nazarèt. E, se sa mwen fè nan Jerizalèm. Lè mwen resevwa otorizasyon nan men sakrifikatè prensipal yo, mwen fèmen anpil nan sen yo nan prizon. E, lè yo t ap tiye yo, mwen vote wi. Nan tout sinagòg yo, anpil fwa, mwen fòse yo denigre Bondye pou mwen te ka pini yo. Mwen te tèlman an kòlè kont yo, mwen menm pèsekite yo, jis nan peyi etranje.

Se nan konsa, mwen t apral Damas avèk otorizasyon, ak pèmisyon sakrifikatè prensipal yo. Monwa, mwen te nan wout vè midi, lè mwen wè yon limyè ki soti nan syèl la vin flache toutotou mwen menm ansam ak moun ki t ap vwayaje avèk mwen yo. Li te pi klere pase solèy la. Nou tout tonbe atè. Epi, mwen tandé yon vwa pale avèk mwen. Li di nan lang Ebre: "Sòl! Sòl! Poukisa w ap pèsekite mwen? Si w ap tire pye kont zepon, sa va rèd pou ou."

Men, mwen di: "Kilès ou ye, Senyè?"

Li di: "Mwen se Jezi, moun w ap pèsekite a. Men, leve kanpe sou pye ou. Paske, men poukisa mwen parèt devan ou: Se pou mwen ka pran ou kòm sèvitè epi kòm temwen ni pou sa ou dejawè, ni pou sa mwen va montre ou. Mwen retire w pam i pèp la ak nasyon yo. M ap voye ou kote yo. Ou va ouvri je yo. Konsa, yo va tounen sot nan fènuwa ale nan limyè, sot anba pouvwa Satan al jwenn Bondye. Konsa tou, yo va resevwa padon pou peche yo ak yon eritaj pam i moun mwen sanntifye poutèt yo gen lafwa nan mwen."

Donk, wa Agripa, mwen pa t dezobeyi vizyon ki soti nan syèl la. Okontrè, kòmanse avèk moun Damas ak moun Jerizalèm, rive nan tout zòn Jide, epi pam i lòt nasyon yo, mwen anone moun yo dwe repanti, yo dwe konvèti nan Bondye, epi yo dwe fè travay ki demontre yo repanti. Se poutèt bagay sa yo, Jwif yo te arete m nan tanp lan epi yo t ap eseye tiye m nan. Men, mwen jwenn konkou Bondye ki fè mwen kanpe jis jodi a pou mwen temwaye devan ni piti, ni

gran. E, mwen pa di anyen plis pase bagay ni pwofèt yo, ni Moyiz te di ki t apral rive. Sa vle di, Kris la dwe soufri. Epi, lè li menm an premye, li resisite pami mò yo, li dwe anonse limyè ni pou pèp sa a, ni pou lòt nasyon yo.

Men, pandan Pòl t ap defann tèt li konsa, Festis di byen fò: Ou fou, Pòl! Anpil konesans fè w fou!

Men, Pòl di: Sonnekselans Festis, mwen pa fou. Okontrè, se laverite ak pawòl bonsans m ap pale la a. Paske, Wa a konnen bagay sa yo. E, m ap pale yo kareman devan li. Vrèmanvre, mwen gen konfyans okenn ladan yo pa kache pou li, paske se pa t an kachèt sa te pase. Wa Agripa, èske ou kwè pwofèt yo? Mwen konnen ou kwè.

Agripa di Pòl: Talè konsa, w a konvenk mwen pou w fè m vin kretyen!

Alò, Pòl di: Kit se talè konsa, kit se nan anpil tan, mwen priye Bondye pou se pa ou menm sèlman, men, pou se tout moun k ap koute m jodi a ki vin menm jan mwen ye a, men, san chenn sa yo.

Eske ou ka pataje obsèvasyon ou rive fè pou kont ou nan istwa sa a? Di tout sa ou wè nan istwa a.

Eske ou kapab esplike nan ki ton ak nan ki fason Pòl te pale lè li t ap prezante devan wa a ak gouvènè a, sitou lè li te anba gwo presyon an?

Poukisa ou panse Pòl te rakonte istwa sa olye li te preche yon mesaj?

Eske ou panse temwayaj pèsònèl li a te efikas?

Vèsè 20, 22-23 di: "mwen anonse moun yo dwe repanti, yo dwe konvèti nan Bondye, epi yo dwe fè travay ki demontre yo repanti... Men, mwen jwenn konkou Bondye ki fè mwen kanpe jis jodi a pou mwen temwaye devan ni pití, ni gran. E, mwen pa di anyen plis pase bagay ni pwofèt yo, ni Moyiz te di ki t apral rive. Sa vle di, Kris la dwe soufri. Epi, lè li menm an premye, li resisite pami mò yo, li dwe anonse limyè ni pou pèp sa a, ni pou lòt nasyon yo"

Kòman ou t ap esplike yon moun sa sa vle pou ou vin yon kretyen pandan w ap sèvi ak vèsè sa yo ?

FOUYE PI FON: PATAJE TEMWAYAJ PÈSONÈL OU



Nenpòt ki lè, menm jan ak Pòl, w ap santi li enpòtan pou esplike poukisa ou se yon kretyen ak kisa ou kwè. Pafwa, sa ap rive paske moun ap poze w kesyon oswa ba ou presyon sou sa ou kwè. Pafwa w ap santi Lespri Sen an pouse w pou rakonte lòt yo paske ou renmen Bondye e ou renmen moun.

Istwa pèsonèl ou ak Jezi se youn nan fason ki pi efikas pou ou pataje lanmou Bondye a.

Ki mesaj lavi w rakonte sou Kris devan lezòm? Alèkile, ou kòmanse wè chanjman nan lavi w ak nan sa ou kwè paske Jezi ap transfòme w. Sa ta dwe ankouraje w. Moun pral kòmanse wè chanjman sa yo tou epi y ap anvi konprann, sitou sa yo ki pwòch ou, tankou fanmi ak zanmi.

Ou dwe prepare w pou ou rakonte istwa ki di kòman ou te kwè nan Kris. Sa ap ede yo konprann aklè poukisa ou kwè epi evite tout move entèpretasyon osnon evite moun kwè sa ki pa sa.

Pou ede w prepare temwayaj pèsonèl ou, ekri kèk enfòmasyon sou lavi w ak lafwa w nan Kris anndan table anba a. Sèvi ak kategori yo ansanm ak kesyon yo pou ede w byen ranje sa ki nan panse w.

AVAN MWEN TE RESEVWA KRIS

Kòman ou ka esplike lavi w avan ou te resevwa Kris ?

Eske te konn genyen sitiayson oswa evenman nan lavi w ki te konn lakoz ou toujou a chèche kèk bagay anplis ?

KÒMAN MWEN TE RESEVWA KRIS

Ki premye fwa ou te tandé yo pale de lafwa nan Jezi nan lavi w ?

Poukisa ou te deside alafen pou w swiv Kris ?

Kòman ou te rive bay Jezi lavi w ?

APRE MWEN TE RESVWA KRIS

Ki chanjman ou wè nan lavi w depi ou te vin kreyen ?

Kisa ki fè lavi a pa menm bagay kounye a ?

Kòman relasyon w ak Kris kapab chanje desizyon w yo, relasyon w yo, ak sa w ap fè yo ?

Pòl te di bagay sa yo konsènan kreyen lavil Korent yo : “*Lèt pa nou, se nou menm, Korentyen. E, se sou kè nou li ekri. Tout moun konnen l, tout moun li l*” (2 Korentyen 3:2). Istwa w se yon bagay ki pisan e l ap kapab ede yon moun.

FOUYE PI FON : PATAJE BON NOUVÈL LA (Trav.10:23-48)



Labib egzòte tout kreyen pou pataje Bon Nouvèl Jezi Kris la. Nou dwe pare pou nou bay mesaj la, dapre laverite epi byen klè. Lespri Sen an ap travay pou ede w pataje mesaj sa a. Lespri Sen an ap travay tou nan lavi lòt moun wap pale yo pou Li kapab konvenk yo konsènan rezon ki fè yo bezwen Kris. Li istwa sa konsènan Pyè, kòman Bondye te sèvi ak li pou mennen yon lòt moun jwenn Kris, nan Travay 10:23-48.

Pyè envite yo antre fè ladesant. Men, nan demen, l ale avèk yo. Kèk frè nan Jope te ale ansanm avèk yo tou. Yo rive Sezare nan apre demen. Kònèy, li menm, t ap tann yo. Li te reyini fanmi li ak bon zanmi li yo. Lè Pyè vini pou li antre, Kònèy al rankontre li, li tonbe nan pye li pou li adore li. Men, Pyè fè li leve. Li di: Leve! Se moun mwen ye tou.

Pandan yo t ap koze konsa, Pyè antre. Li jwenn anpil moun te déjà reyini. Li di yo: Nou menm, nou konnen kòman yo defann pou yon nonm Jwif vizite moun lòt nasyon oubyen pou li asosye avèk yo. Men, mwen menm, Bondye montre mwen pou mwen pa di pèsonn ni sal, ni pa pwòp. Se poutèt sa, lè nou te voye chèche m nan, mwen te vini san diskisyon. Donk m ap mande nou pou ki rezon nou voye chèche m.

Alò, Kònèy di: Sa fè kat jou, vè lè konsa, mwen te lakay mwen nan jèn ak nan lapriyè nevyèm è a. Epi, twoouye yon nonm ak rad klere te kanpe devan mwen. Li di: "Kònèy! Bondye koute priyè ou epi li sonje zèv charite ou yo. Donk, voye moun al Jope rele Simon ki rele Pyè a. Li fè ladesant kay Simon, bòs tanè ki bòdmè a. Lè li vini, li va pale avèk ou." Se poutèt sa, menm lè a tou, mwen voye kote ou. E, ou byen fèt vini. Donk, kounye a, nou tout, nou la devan Bondye pou nou koute tout sa Bondye te kòmande w pou w te di nou.

Pyè louvri bouch li, epi li di: An verite, mwen rekonèt Bondye pa nan patipri. Okontrè, nan tout nasyon, si yon moun genyen krentif pou Bondye epi si li fè sa ki jis, Bondye asepte li. Li te voye pawòl la bay desandan Izrayèl yo. Li anonsé bon nouvèl lapè nan Jezi Kris, ki se Senyè sou tout moun. Nou menm, nou déjà konnen istwa ki rive nan tout Jide a. Bondye te konsakre Jezi, moun Nazarèt, avèk Lespri Sen an ak pisans. Jezi kòmanse nan Galile apre batèm Jan te preche a, l ale toupatou ap fè byen, ap geri tout moun djab la t ap eksplwate. Paske, Bondye te avèk Jezi.

E, nou menm, nou se temwen tout bagay li te fè ni nan zòn Jide, ni nan Jerizalèm. Epi, yo pann li sou yon bwa. Se konsa yo tiye li. Twa jou apre, Bondye resisite li, epi li pèmèt li parèt an piblik. Se pa t devan tout pèp la li te parèt. Men, se te devan nou menm, temwen Bondye te chwazi davans yo, ki te manje e ki te bwè avèk li apre li te resisite pamì mò yo. Epi, Jezi te kòmande nou pou nou preche pèp la, pou nou deklare se li menm Bondye chwazi pou jije moun vivan ak moun mouri. Men sa tout pwofèt yo temwaye sou li: Tout moun ki kwè nan li, yo resevwa padon pou peche yo nan non li.

Pandan Pyè t ap di mo sa yo, Lespri Sen an tonbe sou tout moun ki t ap koute pawòl la. Fidèl sikonsi ki te vini avèk Pyè yo, yo tout te etone, dèske Bondye te vide Lespri Sen an kòm kado sou lòt nasyon yo tou. Vrèmanvre, fidèl yo te tande y ap pale an lang, yo t ap fè lwanj Bondye.

Alò, Pyè reponn, li di: Moun sa yo resevwa Lespri Sen an menm jan avèk nou, pèsonn pa kapab refize pou yo batize yo nan dlo, pa vre? Li pase lòd pou yo batize yo nan non Senyè a. Apre sa, yo mande l rete avèk yo pou kèk jou.

Kòman Lespri Sen an te prepare Kònèy ak lòt moun yo pou tandé mesaj Kris la ?

Kòman Lespri Sen an te prepare w pou w tandé epi resevwa mesaj Kris la ?

Kòman Pyè te rakonte kiyès Jezi ye ?

- 1)
- 2)
- 3)
- 4)
- 5)

Kisa Bondye te bay Pyè ak disip yo lòd pou fè ?

Sak pase lè yon moun kwè nan Jezi ?

Eske ou panse Bondye kapab sèvi ak lavi w menm jan Li te sèvi ak lavi Pyè ?

BON NOUVEL LA

Kisa ou dwe kominike nan mesaj la ? Ou pa oblige konnen tout bagay sou Labib osnon sou lafwa nan Kris pou w ka pataje Bon Nouvel la. Men ou bezwen konnen kè mesaj Bon Nouvel la si ou vle rete nan laverite epi si ou vle efikas.

Premye kredo legliz la (yon kredo se yon deklarasyon ki gen otorite e ki tabli yon kwayans enpòtan). Men kisa li te ye : “ *Vrèmanvre, sa mwen menm tou, mwen te resevwa a, se li mwen te transmèt nou an premye, sèke Kris mouri pou peche nou yo, jan Lekriti te di l la. Yo antere li, epi li resisite sou twazyèm jou, jan Lekriti te di l la. Epi, Sefas wè li. Apre sa, se te Douz yo. Apre sa, plis pase senk sanfrè wè li alafwa. Pi fò nan yo la toujou. Men, kèk nan yo mouri déjà* ” (1 Korentyen 15:3-6).

Ki mesaj ki pi enpòtan nan Bon Nouvel nou dwe pataje a ? Ekri l nan pwòp mo pa wanba a.



La fwa kretyen an kòmanse epi fini avèk Jezi Kris. Li te mouri sou lakwa pou peche nou, e Li te resisite ankò nan yon lavi tounèf. Jezi te di : “ *Jezi di li: Mwen se chemen an, mwen se verite a, mwen se lavi a. Pèsonn pa ka ale kote Papa a, si li pa pase pa mwen menm* ” (Jan 14:6). I Timote 2:5-6 di : *Vrèmanvre, se yon sèl Bondye ki genyen, e se yon sèl medyatè ki genyen ant Bondye ak lèzòm, se yon nonm: Jezi Kris. Li bay pwòp tèt li pou l peye pou tout moun. Temwayaj sa a parèt nan tan ki te fikse a* (1 Timote 2:5-6).

Lafwa kretyen an se pa yon latrìye règ ak lwa. Se viv yon relasyon ak Kris ki resiste a ; yon relasyon ak yon Bondye pèsonèl ki sansib anpil pou ou. Se pa konnen nou bezwen konnen bagay sa yo ase. Chak moun dwe deside si li vle remèt lavi l nan men Jezi. Ekriti sakre a di nou : *Poutèt sa tou, Bondye leve li byen wo. E, li ba li yon Non ki sou tèt tout non. Konsa, tout jenou dwe koube devan Non Jezi, ni nan syèl, ni sou latè, ni nan latè! Konsa tou, tout lang dwe deklare Jezi Kris se Senyè, pou glwa Bondye Papa a (Filipyen 2:9-11).*

Lè ou pataje lafwa w, avèk temwayaj ou osnon pataje Bon Nouvèl la, ou pèmèt moun ki ap koute w yo jwenn opòtinite pou resevwa Jezi nan lavi yo. Mande yo si yo vle priye ak ou. Nou pral montre w yon egzanp priyè ki senp.



Senyè Jezi, mwen vle konnen w e konnen lanmou w. Mwen bezwen w, e mwen regrett pou peche mwen yo. Mèsi paske ou te mouri sou lakwa pou peche mwen yo. Mwen kwè nan ou pou Sovè m e mwen vle swiv ou pou Mèt mwen, depi kounye a menm. Mwen ouvri lavi m devan w, mwen resevwa w pou Sovè ak Mèt mwen. Tanpri antre nan lavi m. Fè m tounen kalte moun ou vle mwen ye a. Dirije lavi m epi ede m fè volonte w. Mwen fè lapriyè sa a nan non Jezi. Amèn.

GRANDI DEYÒ : PREPARE POU VIN MESAJE KRIS



Jan, disip Jezi a te di avèk asirans : “*Sa nou te wè a, sa nou te tandé a, n ap anonsé nou li pou nou menm tou, nou ka genyen kominyon avèk nou. Men tou, kominyon nou an se avèk Papa a ak Ptit li a, Jezi Kris, li ye*” (1 Jan 1:3). Jan te kite kontan deyè paske Bondye linivè a te chwazi genyen relasyon avèk li, yon nonm tou ba, yon senp pechè pwason. Li te kite kontan deyè paske Bondye te vle pataje lajwa sa a avèk lòt yo dekwa pou yo te kapab vin viv eksperians lajwa sa a.

Ekriti sakre a di nou : *Men, sanntifye Bondye, Senyè a, nan kè nou. Toujou pare pou nou defann tèt nou devan tout moun ki mande nou rezon poutèt esperans ki nan nou an. Men, fè l avèk dousè epi avèk krentif. Epitou, se pou konsyans nou klè. Konsa, moun sa yo k ap denigre bon konpòtman nou gen nan Kris la, menm lè y ap pale nou mal kòmsi se malfektè nou te ye, se yo menm ankò k ap soti wont* (1 Pyè 3:15-16).

Seksyon nou pral wè la a pral pote kèk konsèy pratik pou ede w vini yon temwen efikas pou Jezi Kris. Etidye l epi prepare tèt ou.



I. LESPRI SEN AN AP EDE W

Jezi te di disip li yo,

Men, lè Avoka a vini, li va temwaye pou mwen. Se li menm m ap voye soti kote Papa a. Li se Lespri verite ki soti kote Papa a (Jan 15:26).

Okontré, lè Lespri Sen an va vini sou nou, nou va resevwa pisans, epi nou va temwen pou mwen nan Jerizalèm, nan tout Jide, nan Samari, rive jis nan pwent latè (Travay 1:8).

Kiyès ki ede w vin temwen Kris ?

Ou pral reyalize Lespri Sen an ap mennen moun ba ou. Pafwa konvèsayon w ap fè a ap vire sou Jezi. Lespri Sen an ap travay pou ede w. Menm jan an tou, lè w ap pataje Bon Nouvèl la nan fason pou lòt moun yo reponn, ou pa bezwen fòse I deside. Depi ou fin prezante Kris nan pisans Lespri a, kite rezulta yo nan men Bondye.

2. RETE MOUN OU YE A

Bondye vle sèvi ak ou. Genyen anpil fason pou nou pataje Bon Nouvèl la menm jan ak anpil kretyen ki ap swiv Kris. Ou pa bezwen yon pastè ; ou pa bezwen genyen yon don espesyal, yon estati sosyal, osnon richès. Jis rete moun ou ye a. Bondye sèvi ak moun odinè, e li ap sèvi ak lavi w tankou yon limyè pou lòt yo.

Men, nou menm, nou se yon ras moun Bondye chwazi, nou se yon wayòm sakrifikatè, nou se yon nasyon ki sen, nou se yon pèp ki se pwopriyete prive Bondye. Nou konsa dekwa pou nou ka montre bon kalite li genyen, li menm ki rele nou sot nan fènwa pou nou vin nan mèvèy limyè a (1 Pyè 2:9).

3. LAPRIYÈ

Lapriyè pou moun ou konnen ki pa konnen Jezi, sitou manm fanmi ak zanmi yo. Mande Bondye pou Louvri kè yo pou yo resevwa l. Mande Bondye louvri yon pòt pou ou kapab prezante Kris bay yo.

Apòt Pòl te konn mande fè kalte priyè sa yo e li te bay kèk egzòtasyon : *Veye pou nou fè sa avèk remèsiman. An menm tan, priye pou nou tou, dekwa pou bondye ka ouvè yon pòt pou pawòl nou an. konsa, m a ka preche mistè kris la. dayè, se poutèt sa, mwen nan chenn. E, konsa tou, m a preche li aklè kòmsadwa. Mache ak sajès nan rapò nou avèk moun deyò yo. pinga nou gaspiye tan nou. Se pou pawòl nou toujou gen gras ladan l, se pou l sizonnen ak sèl. konsa, n a konnen kijan nou dwe reponn chak moun (Kolosyen 4:2-6).*

Pran yon ti tan reflechi konsènan kèk moun ou konnen ki bezwen Jezi nan lavi yo. Ekri non yo anba a.



Toujou fè priyè sa pou lòt yo.

Ansanm ak mentò ou a, epi ak lòt disip tou, lapriyè ansanm, mande Bondye pou dirije pa nou, fòtifye epi proteje nou, pou Li ba nou sa nou bezwen chak jou, epi pou nou ka pote ankourajman pou lòt yo.

Tradiksyon: Jean-Mario Michel

© 2021 International Strategic Alliances, Inc. (ISA)

Dokiman sa yo fêt pou fòmasyon moun sèlman, yo kapab kopye epi sèvi avèk yo pou kalite travay konsa, men yo pa dwe fè chanjman nan yo san International Strategic Alliances pa bay otorizasyon pou sa.

Tout pasaj Labib yo sòti nan Bib Kreyòl La (BKL), si se pa sa nou fè w konnen sa nan yon nòt

